


Tranzisyon pou soti nan Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti a



**Pwochen Etap Pitit Ou a
Ap Gen pou Li Swiv yo!**



Department
of Health

Kisa yon tranzisyon ye?

Tranzisyon an se lè pitit ou a kite Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti (Early Intervention Program) a.

Kilè w ta dwe kòmanse planifye pou tranzisyon an?

Pwiske timoun yo pa pase anpil tan (lè yo fèt jiska laj twa lane) nan Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti a, li enpòtan pou kòmanse planifye tranzisyon an pi vit ke posib. Kowòdonatè sèvis ou a pral ede w pandan tout pwosesis planifikasyon tranzisyon an anvan pitit ou a rive gen laj twa lane. Sa mande tou pou nou elabore yon plan tranzisyon nan kad planifikasyon sa a.

Kisa yon plan tranzisyon ye?

Anvan pitit ou a kite Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti a, ou menm ansanm ak ekip Plan Sèvis Familyal Endividyalize (Individualized Family Service Plan) a ap gen pou n elabore yon plan tranzisyon. Plan an pral gen ladan l asistans, sipò, ansanm ak tout sèvis ki ka petèt nesèsè pou pitit ou a oswa pou fanmi w lè nou kite pwogram nan. Plan tranzisyon chak fanmi inik, an fonksyon de bezwen pitit yo a ak fanmi an.

Depi lè a rive pou yo kite Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti a, gen kèk nan timoun yo ki ka patisipe nan Pwogram Edikasyon Preskolè Espesyalize (Preschool Special Education Program) a nan distri lekòl ki nan rejyon yo a oswa yo ka patisipe nan sèvis ak sipò pou timoun piti ki disponib nan kominote yo a.

Kisa Pwogram Edikasyon Preskolè Espesyalize a ye?

Pwogram Edikasyon Preskolè Espesyalize a fèt pou timoun ki gen laj twa pou rive senk lane ki gen yon andikap. Depatman Edikasyon Eta New York (New York State Education Department) la sipèvize pwogram ak sèvis edikasyon preskolè espesyalize yo. Yo kapab refere timoun ki pral gen laj twa lane epi ki ka petèt elijib pou sèvis preskolè yo bay Komite Edikasyon Preskolè Espesyalize (Committee on Preschool Special Education, CPSE) a atravè distri lekòl ki nan rejyon yo a.



Ki kat etap ou kapab swiv pou w rive konnen si w elijib pou pwogram ak sèvis edikasyon preskolè espesyalize yo?

1ye etap. Notifikasyon

Kowòdonatè sèvis ou a pral enfòme distri lekòl ou a ke pitit ou a ka petèt elijib pou pwogram ak sèvis edikasyon preskolè espesyalize yo. Ou pral gen posiblite pou w konteste (opoze ak) notifikasyon sa alekri.

2yèm etap. Reyinyon pou Tranzisyon an

Kowòdonatè sèvis ou a dwe ba w posiblite pou w rankontre avèk Prezidan CPSE a. Yo rele rankont sa a yon reyinyon pou tranzisyon (transition conference).

Objektif prensipal reyinyon pou tranzisyon an se:

- egzamine diferans ki genyen ant Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti a ak CPSE a;
- diskite sou kòman ak kilè pou refere pitit ou a bay CPSE a;
- diskite sou pwosesis evalyasyon ak elijibilite CPSE a;
- egzamine ki opsyon ki disponib pou sèvis yo atravè CPSE a pou pitit ou a;
- reponn tout kesyon w ka petèt genyen; epi
- elabore oswa mete ajou yon plan tranzisyon.

3yèm etap. Referans

Yo kapab refere timoun ki pral gen laj twa lane epi ki ka petèt elijib pou sèvis ak pwogram edikasyon preskolè espesyalize yo bay CPSE yo a. Yon referans se yon deklarasyon ekri ki mande distri lekòl ou a pou li detèmine si pitit ou a bezwen jwenn sèvis edikasyon espesyalize yo. Kowòdonatè sèvis ou a kapab ede ou fè referans sa a.

4yèm etap. Evalyasyon

CPSE a detèmine si pitit ou a elijib pou pwogram ak sèvis edikasyon preskolè espesyalize yo. CPSE a kapab itilize ansanm evalyasyon Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti a oswa li ka mande pou yo fè lòt evalyasyon. Si gen nouvo evalyasyon ki dwe fèt, CPSE a pral mande w pou bay konsantman w alekri.



Si pitit ou a kalifye pou edikasyon preskolè espesyalize a, kilè Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti a ap fini epi kilè sèvis preskolè yo ap kòmanse?

- Se lè pitit ou a rive gen laj twa lane ki pral detèmine kilè sèvis entèvansyon pou timoun piti ansanm ak sèvis preskolè yo kapab kòmanse.
- Timoun yo pa kapab enskri nan Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti a ak Pwogram Edikasyon Preskolè Espesyalize a an menm tan. Ekip entèvansyon pou timoun piti ou a ansanm ak prezidan CPSE a kapab ede w jwenn meyè dat pou pitit ou a fè tranzisyon li a, an fonksyon de bezwen pwogramasyon li yo.
- Sonje diskite sou dat tranzisyon pitit ou a nan kad reyinyon CPSE a avèk distri lekòl ou a.

E si pitit ou a pa elijib pou sèvis edikasyon preskolè espesyalize yo?

Dènye jou pitit ou a ap gen pou li resevwa sèvis entèvansyon pou timoun piti yo se jou ki vini anvan jou l ap fete twazyèm anivèsè li a.

Men kèk eleman pou konsidere:

- Kowòdonatè sèvis ou a kapab ede ou mete plan tranzisyon w lan ajou.
- Gen plizyè opsyon pou pèmèt ou gen aksè ak sèvis yo. Ou kapab decide itilize asirans prive w oswa w ka decide peye pèsònèlman pou w kapab gen aksè ak sèvis yo olye w pase pa distri lekòl la oswa w kapab decide gen aksè ak sèvis nan kominote w la tankou atravè yon lekòl matènèl oswa gadri ki nan kominote a.

Eleman enpòtan pou sonje:

- Si pitit ou a Elijib pou Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti a sa pa otomatikman vle di ke li elijib pou Pwogram Edikasyon Preskolè Espesyalize a.
- Ou dwe diskite sou tranzisyon an depi lè pitit ou a fèk antre nan Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti a epi pou yo egzamine li pandan pitit ou a pral rive gen laj twa lane a.
- Refere pitit ou a bay CPSE a epi siyen konsantman pou evalyasyon an pou pèmèt gen ase tan ki pase pou yo fè reyinyon CPSE a anvan pitit ou a rive gen laj twa lane.
- Si pitit ou a elijib pou edikasyon preskolè espesyalize a, pandan ke reyinyon CPSE a li a te fèt nan jou oswa apre li te gentan gen laj twa lane, dènye jou sèvis entèvansyon pou timoun piti a se jou ki vini anvan li fete laj twazyèm ane li a.

**Tranzisyon pou soti nan Pwogram
Entèvansyon pou Timoun Piti a se
yon gwo etap pou pitit ou a ak pou
fanmi w. Kowòdonatè sèvis ou a
pral ede w fè yon tranzisyon swa
pandan w ap kite Pwogram nan.**

Pou jwenn plis enfòmasyon:

**Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti
Depatman Sante Eta New York la (New York State
Department of Health Early Intervention Program)**

Telefòn: (518) 473-7016

Imèl: beipub@health.ny.gov

Sitwèb: health.ny.gov/ElFamilies

**Depatman Edikasyon Eta New York
(New York State Education Department)**

Telefòn: (518) 474-3852

Sitwèb: nysed.gov



**Department
of Health**